

Fòm non-patisipasyon MCAS

Mwen okouran ke tout elèv Massachusetts fèt pou satisfè estanda Detèminasyon Konpetans (*Competency Determination* - CD) ki dekri annapre a, anplis de tout egzijans pou kapab pran diplòm lokal yo, pou yo kapab jwenn diplòm lekòl segondè yo.

A kòmanse avèk klas 2010 la, elèv yo fèt pou :

1. Gen yon nòt pwopòsyone ki fè 220 pou pi ba nan youn nan tès lekòl segondè MCAS sou Syans ak Teknoloji/Jeni : Biyoloji, Chimi, Entwodiksyon Fizik, oubyen Teknoloji/Jeni.
2. Patisipe nan tès MCAS Lang Angle ak Matematik ***epi youn nan de opsyon sa yo:***
 - gen yon nòt evalyasyon pwopòsyone ki fè omwen 240 nan toulede tès yo ***oubyen***
 - gen yon nòt evalyasyon ant 220 ak 238 pou youn oswa de (2) tès epi satisfè egzijans nan Plan pou Konpetans Edikasyonèl (EPP) la.

Elèv nan klas 2009 la fèt pou gen yon nòt pwopòsyone ki fè 220 pou pi ba nan tès MCAS Lang Angle ak Matematik yo.

Mwen okouran m gen dwa patisipe nan tès yo otan de fwa ke m bezwen, pandan m se elèv nan lekòl la ak apre m fini lekòl la. Mwen kapab patisipe nan ELA ak refè tès Matematik, ke yo bay nan mwa novanm ak mwa mas chak ane. Mwen kapab patisipe nan nenpòt nan kat (4) tès Syans ak Teknoloji/Jeni yo ki nan Biyoloji, Chimi, Entwodiksyon nan Fizik, oswa Teknoloji/Jeni, si mwen vle diplome avèk pwomosyon 2010 lan oswa apre.

Lekòl mwen ofri m opòtinite pou m patisipe nan tès (ki liste pi ba). Sepandan, mwen chwazi pu mwen pa patisipe nan administrasyon tès sa a. Mwen konprann ke lòt opòtinite pral disponib pou mwen a lavni.

Tanpri ekri inisyal ou nan espas liy ki annapre a, epi siyen ak date fòm sila a.

_____ Mwen chwazi pou pa patisipe nan opòtinite tès ki annapre a :
Inisyal elèv la

Dat ak Sijè administrasyon (yo)

Siyati elèv la

Siyati Paran/Responsab

Non Elèv

Non Paran/Responsab

Dat

Dat

N ap kenbe fòm sa a nan dosye nan :

Non Lekòl segondè a